



Pou Piblikasyon Imedya: 14/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOGRÈ POU AMELYORE EKSPERYANS JENERAL PASAJE YO NAN AYEWOPÒ KONTE SARATOGA

Konstriksyon nouvo tèminal dènnye kri a, ki sou kote anga a pral transfòme ayewopò Konte Saratoga pou tounen yon sant vwayaj pou komès ak atraksyon klas mondyal

Pwojè a resevwa 27 milyon dola atravè Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta a

Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke gwo travay konstriksyon sou yon pwojè a gran echèl pou konstwi yon nouvo tèminal sou kote anga avyon nan Ayewopò Konte Saratoga a ap fèt, avèk adisyon anpil amelyorasyon enèji pwòp yo prevwa nan mwa k ap vini yo. Travay la gen pou objektif pou bay pasaje yo yon eksperyans vwayaj ki pi efikas ak agreyab, sitou pandan sezon ete ki pi mouvman yo. Pwojè a, ki te resevwa 27 milyon dola nan Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò (Economic Development and Revitalization Competition, EDRC) nan Nò Eta 230 milyon dola Gouvènè a, pral bay yon nouvo bilding tèminal operatè ki gen baz fiks ki gen ladan yon nouvo zòn datant, espas lokatè konsesyonè yo, espas lokasyon machin pou lokasyon, ak yon anga konekte 20,000 pye kare, pami lòt amelyorasyon. Amelyorasyon, ki gen ladan panno solè sou pati anga nan nouvo bilding tèminal la, pi jewotèmik pou chofaj ak refwadisman, ak chajè machin elektrik pral ede ayewopò a aliye ak objektif enèji pwòp New York.

"Kolòn ak pout an asye yo ap mete kounye a sou sit nouvo bilding tèminal Ayewopò Konte Saratoga a se yon senbòl angajman inebranlab nou pou poze fondasyon pou avni ayewopò nò New York yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ayewopò Konte Saratoga kounye a pare pou l vin tounen yon konektè kle pou biznis ak endistri enpòtan, tankou GlobalFoundries ak General Electric, ak yon pòtay briyan pou eksitasyon san parèy rejyon an ofri, ki gen ladan aksyon rapid nan ipodwòm Saratoga ak eksitasyon adisyonèl Belmont Stakes 2024 ak 2025 la."

Ayewopò Entènasyonal Albany an se te youn nan nèf ayewopò nò eta yo ki te resevwa yon total 230 milyon dola nan dènnye faz finansman Konpetisyon pou Devlopman ak

Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta a ke [Gouvènè Hochul te anonse an 2022](#). Prim yo gen entansyon ankouraje, revitalize ak akselere envestisman nan ayewopò atravè eta New York.

Gwo travay konstriksyon te kòmanse nan nouvo bilding tèminal la ak anga avyon sou kote a, ki gen ladan pi jewotèmik pou chofaj ak refwadisman, baz ak fondasyon an beton, ak konstriksyon ki gen estrikti an asye. Yo prevwa travay reyabilitasyon yon pati nan pis la ap kòmanse otòn sa a, apre sezon tras la fini.

Belmont Stakes 2024 la pral fèt nan Saratoga Race Course le 8 jen 2024, epi ankò an 2025, pandan Belmont Park nan Elmont, New York ap sibi yon gwo pwojè renovasyon. Chanjman nan lokal la espere ogmante enterè ak prezans. Pou akomode yon foul avyon yo prevwa pandan konstriksyon, ayewopò a ka itilize youn nan pis aterisaj ayewopò an pou pakin avyon adisyonèl, si sa nesèsè.

Anplis de sa, vwayajè plezi yo sèvi ak ayewopò a pou vizite atraksyon klas mondyal rejyon an, tankou Saratoga Performing Arts Center ak Saratoga Race Course. Anpil nan plis pase yon milyon vizitè anyèl pou sezon kous cheval yo itilize ayewopò a ak etablisman an, men li sèvi tou kòm yon konektè transpò kle ant Konte Saratoga ak lòt pati nan eta a, nasyon ak mond lan.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gras a envestisman Gouvènè Hochul te fè nan ayewopò nò eta nou yo, n ap wè modènizasyon nan yon echèl san parèy nan New York. Ayewopò nò eta nou yo se yon reflè sante ekonomik ak byennèt kominote nou yo, e mwen kontan anpil pou m temwen vwayaj modènizasyon Ayewopò Konte Saratoga a, ki pral non sèlman amelyore eksperyans jeneral pou vwayajè yo, men tou ki pral ranfòse koneksyon ak kwasans ekonomik rejyon an."

Konstwi an 1943, ayewopò a resevwa avyon prive epi gen de pis aterisaj epi se operatè fikis, North American Flight Services, ki jere l. Yo te itilize yon anga pou espas biwo, ansanm ak yon zòn datant pasaje yo, zòn planifikasyon vòl ak ti chanm konferans.

Pwojè 35.2 milyon dola pou modènize etablisman an ak yon nouvo bilding tèminal, anga ki sou kote a ak amelyorasyon nan enèji pwòp yo pral non sèlman ankouraje sèvis avyasyon, men li pral tou atire nouvo lokatè pou lokasyon machin ak opsyon manje, amelyore eksperyans pasaje an jeneral pou vwayajè k ap chèche bagay ki atiran nan rejyon an.

Koridò nouvo tèminal la pral genyen yon zòn ekspozisyon pou otomobil ki soti nan Saratoga Automobile Museum, pandan ke dezyèm etaj bilding lan pral bay espas pou pilòt yo ansanm ak yon zòn restoran ak yon zòn ekspozisyon pou atis lokal yo. Anga a pral gen yon seri panno solè pou ede diminye anprent kabòn kolektif ayewopò a.

Senatè Eta Jim Tedisco te deklare, "Nouvo amelyorasyon nan Ayewopò Konte Saratoga a pral ede fè sant transpò enpòtan sa a tounen yon vrè pòtay nan etonan

destinasyon ekonomik ak touris klas mondyal pou biznis gwo kou piti, ki gen ladan gwo teknoloji, ke Konte Saratoga ak Saratoga Springs te vin tounen."

Manm Asanble Carrie Woerner te deklare, "Mwen kontan wè pwojè sa a kòmanse e mwen apresye anpil sipò Gouvènè a pou amelyorasyon nan Ayewopò Konte Saratoga. Renovasyon sa yo pral amelyore eksperyans anpil vizitè ki vin Saratoga Springs pandan sezon kous la ak pandan tout ane a."

Manm Asanble Mary Beth Walsh te deklare, "Mwen kontan eta a rekonèt atraksyon k ap ogmante nan kominote Saratoga a. Kwasans dinamik ki genyen atravè konte nou an di anpil sou endistri ospitalite ak touris la e mwen kontan wè kijan agrandisman sa a ede fasilite kwasans ekonomik nou an."

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Saratoga, Phil Barrett, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou anonse konstriksyon nan Ayewopò Konte Saratoga a ap kòmanse. Investisman nou an nan Ayewopò Konte a pral transfòme vwayaj biznis ak lwazi pou ale ak pou soti nan Konte Saratoga. Pwojè modènizasyon sa a pral kreye yon bilding dirab, efikas pou enèji ki pral plis pase yon tèminal ayewopò; se pral yon sant akèy ki montre divès atraksyon ak ekipman gwo Konte nou an. Finansman Eta New York ak FAA resevwa yo ede konpanse investisman Konsèy Sipèvizè Konte Saratoga a fè. Nou rekonesan pou sipò yo nan inisyativ nou an pou revitalize ak reyimajine Ayewopò Konte Saratoga a, ki se yon pòtay enpòtan nan ekonomi lokal nou an."

Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap administre Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta a epi li te ouvri pou ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò eta a ak ayewopò ki te bay sèvis espesyalize pou avyon komèsyal ak/oswa avyon antrepriz yo. Yo te ankouraje aplikan yo pou aplike pou finansman yon sèl pwojè oswa yon pwogram pwojè ki pral ede satisfè demann 21èm syèk la. Pwojè ayewopò elijib yo te soumèt pou revizyon yo te evalye sou baz kritè etabli, ki gen ladan men pa limite a inovasyon nan konsepsyon, ekipman pasaje yo ak eksperyans, efikasite operasyon, ak efikasite ekonomik pou rejyon ayewopò a.

Ayewopò a ap fini kounye a de lòt pwojè: Yon nouvo anga an T sis bè pou depo avyon, ak bilding ekipman pou retire nèj, ki finanse pasyèlman atravè Pwogram Amelyorasyon Kapital Avyasyon Depatman Transpò Eta New York la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)